

LAYANG UNDHANG-UNDHANG (RIJKSBLAD)
KASULTANAN TAHUN 1918

ANGKA : 16

BAB : WEWENANG BUMI
BAB : MARINGAKE WEWENANG PANGGADHUHE BUMI
SARTA WEWENANG PANGANGGO BUMI

Pranatan Dalem Ingkang Sinuwun Kanjeng Sultan katitimangan
kaping 8 Agustus 1918 angka : 17/1.

Ingsun Ingkang Sinuwun Kanjeng Sultan, sbanjure.
Ingsun anggalih, tumrape buminingsun kang wus kapranata maneh,
perlu diyasani pranatan kang sumrambah tumrap maringi wewenang
panggadhuhe bumi marang Kalurahan kang dianakake ing
pambangune pranatan anyar mau.

Apa maneh maringi wewenang panganggo bumi marang kang padha
manggon ing bumi kono.

Supaya samangsa pambangune pranatan anyar wus tinindakake ing
bumi liyane saferoning Kratoningsun, pranatan mau kena di-
tindakake ing bumi mau.

MARMAME KANG DADI DHAWUHINGSUN :

Ingsun Yasa pranatan kaya kang kasebut ing ngisor iki:
Bab maringake wewenang panggadhuhe bumi marang kalurahan kang
wus dianakake utawa bakal dianakake ing pambangune pranatan
anyar, apa maneh maringake wewenang panganggo bumi marang kang
padha manggon ing bumi kono.

B A B : 1

Ingsun nglestarekake watone sakabehe bumi kang ora ana tandha
yektine kadarbe ing liya mawa wewenang Eigendom, dadi bumi
kagungane Kratoningsun Ngayogyakarta.

B A B : 2

- 1). Buminingsun bawah Kratoningsun Ngayogyakarta kang wus
kapranata maneh, iku Kabupaten Gunungkidul sarta Kulon-
progo.
- 2). Samangsa panatane pambangune pranatan anyar ing
buminingsun liyane kang kasebut ing adeg-adeg 1, dhuwur
iki wus rampung, sarta pambangune pranatan anyar kena
ditindakake ing bumi kono, iku buminingsun mau uga bakal
kebawah ing pranatan anyar, mawa dianakake layange
Undhang-undhang Pepatihingsun.

- 3). Wiwit ing titi mangsa tumindake layang Undhang-undhang kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki, bab-bab kasebut ing ngisor iki tinumrapake marang buminingsun kang kasebut ing layange Undhang-undhang Pepatih Ingsun.

B A B : 3

- 1). Sakabehing bumi kang wus kapranata maneh, kang wus terang dienggo uwong cilik, dienggoni utawa diolah ajeg utawa nganggo bera pangolahe, kadi dene kang kasebut ing Register Kalurahan. Iku padha diparingake marang Kalurahan anyar nawa wewenang panggadhuh cara Jawa. Dene bumi kang diparingake sarang siji-sijine Kalurahan mau, bumi kang kalebu ing wewenkone Kalurahan, miturut Register Kalurahan.
- 2). Wewenange panggadhuh kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki kasirnakake, menawa seka panemune Bupati kang ambawahake. Bumine sepuluh tahun urut-urutane ora diolah utawa ora dienggoni.

B A B : 4

Kejaba wewenange panggadhuh tumrap bumi lungguhe Lurah sarta prabot Kalurahan tuwin bumi kang diparingake minangka dadi pensiune (pangarem-areme) para bekel kang padha dilereni. Iku wewenang panggadhuh kang kasebut ing bab 2 diparingake marang Kalurahan mawa nglestarekake wewenange kang padha nganggo bumi ing nalika tumindake pambangune pranatan anyar. Wewenange nganggo bumi kang dianggo ing nalika iku, ditetepake turuntumurun sarta siji-sijine Kalurahan, sepira kang dadi wajibe dhewe-dhewe, dipasrahi mranata dhewe ngatase ngliyakake bumi sajerone sawetara lawase sarta ngiyerake wewenange nganggo bumi mau.

Samono iku mawa ngelingi pepacak-pepacak kang wus utawa kang bakal Ingsun dhawuhake, utawa kang panindake terang dhawuhing-sun.

B A B : 5

- 1). Ing samangsa-mangsa Ingsun kena mundhut kondur bumi sawetara bageyan kang padha diparingake marang Kalurahan mawa wewenang panggadhuh.
manawa bumi mau bakal diparingake marang kabudidayan tetanen, dene kabudidayan tetanen iku bakal Ingsun paringi wewenang ingatase bumi mau miturut pranatan bab pamajego bumi. Mungguh laku-lakune kang kasebut ing dhuwur iki bakal kapranata kamot ing pranatan.
- 2). Kang padha nduwensi bageyan bumi ing Kalurahan kang bumine diparingake marang kabudidayan tetanen kasebut ing dhuwur iki ; padha kena diwajibake nindakake pegaweyan mawa bayaran tumrap kaperluwaning kabudidayan tetanen kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki.

Mungguh tumindake ing pegaweyan mau tumeka ing wektu kang bakal katetepake ing tembe.

B A B : 6

Kajaba tumrap lelakon kang kasebut ing bab 5, Ingsun ora bakal mundhut bumi kang dienggo uwong cilik manut kang katemtokake ing bab : 3, menawa ora tumrap kaperluwaning ing ngakeh. Samono iku mawa maringi kerugian kang tinemtokake dening Pepatih Ingsun sabiyantu kalayan kanjeng Tuwan Residen ing Ngayogyakarta, sawuse karembug dening komisi juru taksir, dene panindake kang kasebut dhuwur iki, manut kang bakal tinemtokake ing tembe kasot ing layange Undhang-undhang Pepatihingsun.

B A B : 7

- 1). Bumi sacukupe, sabisa-bisane amba-ambane 1/5 bumi kabeh ; kudu lestari dadi melike Kalurahan, kang sapisan minangka dadi lungguhe lurah sarta prabot Kalurahan.
Kang kapindho minangka dadi pengarem-areme para bekел saalame dhewe kang kabekelane disirnakake jalaran saka pambangune pranatan anyar sarta ora bisa kapilih dadi Lurah utawa praboting Kalurahan anyar.
Kang katelu kanggo nyukupi kaperluwaning Kalurahan kang tumrap ingakeh.
- 2). Pambagene kanggo nyukupi kaperluwan telung bab kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki, ditindakake Kalurahan sawuse dimupakati Bupati kang mbawahake.

B A B : 8

Awit saka surasane pranatan iki, sakabehing pranatan kang mranata bab kang kasebut ing pranatan iki, kang isih tumindak padha Ingsun suwak.

Dhumawuh ing Kedhaton Ngayogyakarta Hadiningrat tanggal kaping 29 Sawal Tahun Be 1848, utawa tanggal kaping 8 Agustus 1918.

Sabiyantri Kalayan Manira
Kanjeng Tuwan Residhen
ing Ngayogyakarta

Aama Dalem Cap.

K A N N E
Kepareng Kaundhangake
Pepatih Dalem
Pangeran Harya Hadipati

DANUREJO

Kaundhangake kaping 2 September 1818

Pepatih Dalem
Pangeran Harya Hadipati

DANURJO

Surat ini ditulis pada hari Jumat tanggal 2 September 1818 di desa Kaundhangake. Saya, Pepatih Dalem Pangeran Harya Hadipati, mengirim surat ini kepada Biro Hukum Setda DIY. Surat ini bertujuan untuk memberitahukan bahwa saya telah menyerahkan sebagian besar tanah milikku di desa Kaundhangake kepadanya. Tanah yang dimaksud termasuk lahan pertanian dan lahan hutan. Saya berharap dengan tindakan ini akan memperbaiki hubungan antara kami dan pemerintah pusat.

Saya juga mengatakan dalam surat ini bahwa tanah tersebut akan digunakan untuk kepentingan umum dan akan dikelola oleh Biro Hukum Setda DIY. Saya berharap tindakan ini akan mendapat pengertian dan dukungan dari pemerintah pusat.

Saya mengucapkan terimakasih atas perhatian dan kerja keras Biro Hukum Setda DIY dalam menyelesaikan masalah ini. Saya berharap surat ini dapat memberikan pemahaman yang jelas tentang situasi tanah di desa Kaundhangake.